


Rejim alimentè se yon faktè enpòtan nan devlopman obezite. Mentni yon rejim alimentè kapab patikilyèman difisil pou moun k’ap viv nan dezè manje. Yon mank aksè a manje ki abòdab, nourisan souvan kontribye a pi gwo to obezite, sante kadyovaskilè ki pòv, epi ogmantasyon risk kansè.

Dezè Manje, Obezite, epi Rezilta Sante



Dezè manje se zòn kote rezidan iben ak revni-ba yo plis pase yon kilomèt lwen, oswa rezidan riral yo plis pase dis kilomèt lwen, de yon sipèmakèt. SNAP (Supplemental Nutrition Assistance Program) (Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanète), bay benefis manje a fanmi ak revni-ba pou siplemanète bidjè manje yo. Nan Miami-Dade County, 18 zòn idantifye kòm yo genyen tou de to obezite wo epi yon pousantaj wo resèptè SNAP konpare a lòt kote nan konte-a (county). Nan zòn sa-yo, o mwen 31.6% popilasyon-an afekte pa obezite, epi yon minimòm 8.6% resevwa benefis SNAP. Pami zòn obezite wo epi SNAP sa-yo, genyen 53 zòn ki klasifye kòm dezè manje. Okontrè, zòn san dezè manje epi ak obezite ki pi ba epi to SNAP montre yon maksimòm obezite de 26.2% epi resèptè SNAP de 4.2%. Kote sa-yo demontre pi bon rezilta nan kansè epi swen kè.

	Kote	% Popilasyon ak Obezite	% Popilasyon ka'p resevwa SNAP	Laj Ajiste Tout To Kansè	Laj Ajiste To Kansè Kolorektal	% Popilasyon ak Maladi Kè Kadyovaskilè ^{1,2}	% Popilasyon ak Konjesyon Serebral ^{1,2}	% Popilasyon ak Tansyon Wo ^{1,2}
①	Opa-locka	39.5	18.3	683.56	56.84	8.1	5.6	42.0
②	Gladeview	40.4	15.6	600.23	62.32	8.2	6.4	44.3
③	Brownsville	40.8	14.8	613.51	64.18	8.5	6.6	44.6
④	Florida City	39.6	13.7	663.93	84.78	9.0	6.5	42.3
⑤	Pinewood	37.2	12.6	508.78	50.34	7.0	5.1	41.0
⑥	Goulds	33.4	15.4	670.07	66.86	6.0	3.9	35.4
	...	...	...	...	...	...	...	...
⑦	Aventura	24.3	2.0	513.13	37.63	4.8	2.2	25.4
⑧	Coral Gables	23.8	1.4	293.51	20.83	4.1	1.8	23.6
⑨	Bal Harbour	23.1	1.7	531.60	35.06	4.5	2.1	24.5
⑩	Palmetto Bay	23.0	1.4	599.90	44.20	4.4	2.0	24.5
⑪	Pinecrest	21.9	1.3	568.17	40.14	4.2	1.8	23.4
⑫	Key Biscayne	22.5	0.2	527.00	39.86	3.9	1.7	22.3

Miami-Dade County kote ak o mwen 1000 moun.

¹ Estimasyon jewografi piti.

² To kansè epi rezilta kadyovaskilè yo se pousantaj popilasyon anwo de 18 an.

Literati

Jin J. Obesity and the Heart. JAMA. 2013;310(19):2113. doi:10.1001/jama.2013.281901
Kathleen Y. Wolin, Kenneth Carson, Graham A. Colditz, Obesity and Cancer, The Oncologist, Volume 15, Issue 6, June 2010, Pages 556–565, <https://doi.org/10.1634/theoncologist.2009-0285>

Sous Done

[Center of Disease Control: Places 2022](#)
[United States Department of Agriculture: Mapping Food Deserts 2019](#)
US Census Bureau, American Community Survey (ACS)
Florida Cancer Data System (FCDS)